## ГІса МасихІ дунялалде вачІин

1 Гьеб букІана кинабго халкъалъул хъвай-хъвагІай гьабейилан
Август къайсарил амру бачІараб заман. 2 Шамалда сардарлъун
Квириний таралдаса хадуб халкъалъул тІоцебесеб хъвай-хъвагІай
букІана гьеб 3 Жиде-жидер шагьаралде хъвай-хъвагІаялъе унел
рукІана гІадамал. 4 Галилеялъул Назарет шагьаралдаса вахъун,
Юсупги ана Ягьудиялда бугеб Бетлегьем абулеб Давудил
шагьаралде хъвай-хъвагІаялъе, гьев вукІиндал Давудил наслу-
зурияталъул чи. 5 Цадахъ ячун йикІана гьесие магьари лъурай,
лъимер гьабизе мех щварай Марямги. 6 Гьале гьадаб шагьаралде
щвараб мехалъ, лъимер гьабизе хІара чІвана гьелда. 7 Марямица
гьавуна жиндирго тІоцевесев вас. Петералда гьезие рещтІине бакІ
щун букІинчІелъул, кьуща-рущан цо русcниб лъуна гьелъ лъимер. 8
Сардилъ жидерго рехъен цІунун рорчІутІа чІарал гІухьби рукІана
гьенир цо гІалахалда. 9 Гьезухъе рещтІана Бичасул малаик.
БетІергьанасдасан бачІараб гвангъараб нуралъ къалъ-къалъизаруна
гьел гІухьби, гІасияб хІинкъиялъ къахІан ккуна гьел. 10 «ХІинкъуге,
— ян абуна гьезда малаикас. — ТІолабго гІаламалъего гІахьалаб
кІудияб рохел бицине вачІун вуго дун нужехъе. 11 Давудил
шагьаралда жакъа гьавуна жинца нуж хвасар гьаризе ругев
ТІадегІанав МасихІ. 12 Гьелъие гІаламатги буго нужее: руссниб
лъун батила нужеда кьущараб лъимер». 13 Цойидасанго
зобалаздасан малаикзабазул бо рещтІана гьев малаикасда аскІоб.
Аллагьасе рецц гьабулаго, гьез ахІулеб букІана: 14 «ТІадегІанал
зобалазда — Аллагьасе рецц! ГІодоб ракъалда — разилъаразе
рекъел!» 15 Малаикзаби зодире тІад руссун роржун индал, гьал
гІухьбуз цоцазда абуна: «БетІергьанасдасан нилъехъе бачІараб гьаб
хабаралъул хІакъикъат лъазе, Бетлегьемалде рилълъине рачІа», - ян.
16 ГІедегІун доре щведал, гьазда Марямги ятана, Юсупги ватана,
руссниб лъун Лъимерги батана. 17 Лъимер бихьарабго, гІухьбуз
бицана малаикасдасан гьеб Лъимадул хІакъалъулъ жидеда
рагІарабщинаб. 18 Гьеб рагІанщинав чи хІикмалъизавуна гІухьбузул

хабаралъ. 19 Марямицани гьел киналго рагIаби хазина гIадин
рекIелъ цIунана, ва гьелъул пикрабазда йикIунаан гьей. 20 Малаикас
жидеда бицухъе иш ккун батидал, бихьаралъухъги рагIаралъухъги
Аллагьасе тасбихIги реццги гьабулаго нахъ руссун ана гIухьби.